



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DISKOU YO JAN YO TE PREPARE L LA: GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE GRAN PWEN KI NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2026 LA: PLIS LAJAN NAN PÒCH OU

Agenda abòdabilite Gouvènè a pral remete 5 milya dola nan pòch Nouyòkè yo ak yon rediksyon taks pou klas mwayèn lan, ranbousman enflasyon ak kredi taks sou timoun ki elaji

Gouvènè a pwopoze bidjè ekilibre san nouvo ogmantasyon taks sou revni; Eta gen 21 milya dola nan rezèv pou 'move jou yo'

Priorize sekirite piblik ak 370 milyon dola nan prevansyon vyolans ak zam, 77 milyon dola pou ogmantasyon fòs lòd yo pou sis mwa nan Metwo Vil Nouyòk; Nouvo lejislasyon ta rasyonnalize pwosesis dekouvèt yo

Abòde kriz lojman ak jiska 760.5 milyon dola pou kominote an Favè Lojman yo, 100 milyon dola pou ede moun k ap achte kay pou premye fwa yo; Gouvènè a te angaje 1 milya dola nan inisyativ 'Vil Wi' Nouyòk la

Konsantre sou swen sante mantal ak chanjman lejislatif nan angajman envolontè ak Lwa Kendra a; envesti 160 milyon dola pou 100 nouvo kabann sikyatrik legal pou pasyan ki entènè nan Wards Island

Dirije pi gwo investisman nan klima nan istwa Eta Nouyòk: 1 milya dola pou akselere tranzisyon enèji pwòp nou an

Kreye lekòl san distraksyon ak restriksyon nan tout eta a depi nan kòmansman rive nan fen klas yo sou aparèy elektwonik nan salklas K-12; li bay plis pase 13 milyon dola nan lekòl yo pou pochèt, kazye oswa lòt enfrastrikti ki nesèsè yo

Envesti 3 milya dola nan Lopital Rezo Sekirite yo k ap sèvi Nouyòkè ki an risk yo; evalyasyon òganizasyon swen jere yo pral bay 1.6 milya dola nan finansman federal

Liv bidjè konplè a [disponib isit la](#)

Bonswa tout moun. Mèsi ak patnè mwen yo nan pwosesis bidjè a. Prezidan Tanporè ak Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Asanble Carl Heastie.

Mèsi ak anplwaye senyò mwen yo ki la avè m jodi a. Sekretè Karen Persichilli Keogh. Direktè Bidjè Blake Washington. Konseye Brian Mahanna. Direktris Operasyon Eta Kathryn Garcia ak Direktè Politik Enterimè Jackie Bray.

Mwen ta renmen tou remèsye Gouvènè Adjwen Antonio Delgado. Kontwolè Eta Tom DiNapoli. Chèf Adjwen Lidè Majorite Sena Eta Nouyòk la, Michael Gianaris. Lidè Majorite nan Asanble Eta Nouyòk la, Crystal Peoples-Stokes. Prezidan Finans Sena a Liz Krueger. Prezidan Komite Vwa ak Mwayen Asanble a Gary Pretlow. Senatè Rob Ortt, ki reprezante Minorite Sena a. Lidè Minorite Asanble a, Will Barclay ak tout lòt patnè mwen yo nan Gouvènman.

Yè ak nan wikenn nan, mwen te pale nan yon kantite selebrasyon pou onore Doktè Martin Luther King epi mwen te fè referans ak yon kantite nan diskou li yo. Li te deklare, "Kesyon ki pi pèsistan epi ki pi ijan nan lavi a se, 'Kisa w ap fè pou lòt moun?'"

Mwen te reponn kesyon sa a yon semèn de sa a ak jodi a lè mwen te prezante vizyon konplè mwen pou Nouyòk. Liv Eta Leta a te dekri plis pase 200 politik ki konsantre sou bati kominote ki an sekirite epi ede Nouyòkè k ap travay di yo avanse.

Paske, jan mwen te deklare a: "Fanmi ou se batay mwen."

Jodi a, mwen pral fè w konnen ki jan nou vivifye vizyon sa a nan pwopozisyon bidjè egzekitif ane fiskal 2026 nou an.

Yon bidjè se plis pase senp chif sou yon paj. Li rakonte istwa ki moun nou ye, ki sa nou apresye ak ki moun nou ap goumen pou li. Nouyòk se yon eta konplèks. Nou gen gwo richès ak gwo bezwen.

Defi nou an se ankouraje yon anviwònman kote siksè pwospere pandan n ap asire moun ki santi yo abandone yo ka toujou wè yon chemen pou pi devan.

Se balans nou te travay di pou reyalize pandan twa premye ane mwen kòm Gouvènè, nan travay avèk Lidè yo jodi a ak Manm Lejislati yo.

Ann pale sou istwa rezijans Nouyòk la. Pandan ane sa yo, nou te vin pi fò sou plan finansye, nou te depase objektif rekiperyasyon nou yo ak akselere kwasans nan travay ak nan ekonomi an.

Nou redwi chomaj, ogmante salè minimòm lan epi endekse li ak eflasyon an. Nou te demare pwojè enfrastrikti istorik ak akselere travay inovasyon alavni yo ak AI, Semikondiktè ak enfòmatrik pwopòsyon.

Nou te katalize pwodiksyon lojman atravè eta a apre plizyè ane estagnasyon. Buffalo pa nou an kounye a se mache lojman ki pi cho nan nasyon an.

Nou te fè kominote nou yo nan Long Island pi rezistan kont siklòn ak gwo tanpèt, nou te goumen kont ensandi sovaj nan Catskills, nou te goumen kont inondasyon nan Southern Tier, epi nou jere tanpèt nèj ak tònad nan Lwès Nouyòk ak nan Nouyòk Santral

Nou te redwi krim ak finanse lapolis nan nivo rekò. Nou te elve pak nou yo, atizay nou yo ak kilti nou yo epi kounye a, touris ap atenn yon nivo rekò. Epi sa ki pi enpòtan, nou te reyalize tout pwogrè enkwayab sa yo san nou pa ogmante taks sou revni.

Men, verite a se, anpil moun kontinye ap lite. Enflasyon nan tout peyi a, depans yo k ap monte nan magazen yo — pri lwaye ki wo. Chak mwa, Nouyòkè k ap travay yo fè fas ak chwa difisil sou fason pou yo pi byen itilize chak dola. Se poutèt sa bidjè sa a konsantre sou remete lajan nan pòch Nouyòkè yo.

Sa a pral yon bidjè 252 milya dola. Finanse pa revni ki ogmante prèske uit pousan epi sa ki pi enpòtan, nou te kenbe rezèv nou yo nan yon maksimòm istorik ak plis pase 21 milya dola. N ap envesti plis nan Nouyòkè yo paske nou gen plis resous pou nou fè sa epi n ap fè sa yon fason responsab.

Mwen konnen anpil nan nou t ap gade tranzisyon an nan Washington yè ak enkyetid. Kite m di nou byen klè: Chanjman nan nivo federal PRAL kreye nouvo defi pou eta a ak pou pwogram Nouyòkè yo sousye de yo. Li deja kòmanse. Men, si Repibliken yo nan pouvwa koupe fliks finansman federal kritik pou Medicaid, edikasyon, gadri, asistans sèvis piblik — lis la long.

Moun ki blese yo bezwen leve vwa yo, dirije kòlè yo vè Washington epi mete presyon sou Manm Kongrè yo pou yo goumen pou yo. Paske Nouyòk ak lòt Eta tou senpleman p ap an mezi pou sipòte depans sa yo poukont nou.

Donk, mwen konte sou delegasyon Kongrè nou an, patikilyèman Repibliken yo, pou anpeche yo koupe sa k ap fè Nouyòkè yo mal. Epi, si yo echwe, yo dwe responsab.

Men, menm avèk nyaj ensètitud sa a, mwen pwomèt Nouyòkè yo sa—m pral fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou pwoteje enterè ou.

Priyorite bidjè nou yo reflekte sa Nouyòkè yo atann: solisyon bon sans ki fè yon diferans reyèl nan lavi moun. Nou ap bay twa gwo fòm soulajman taks.

Premyèman, m ap goumen pou yon rediksyon taks klas mwayèn istorik, yon investisman 1 milya dola ramne to yo nan nivo ki pi ba yo nan 70 ane yo.

Sa vle di ekonomi reyèl pou 8.3 milyon Nouyòkè. Dezyèmman, mwen pwopoze yon envèstisman yon sèl fwa, ki gen 3 milya dola pou bay soulajman imedyà ak chèk ranbousman Enflasyon: 300 dola pou endividy istorik I, ak 500 dola pou fanmi yo.

Epi twazyèm, nou ap triple kredi taks pou timoun, yon envestisman 825 milyon dola, ki pral bay jiska 1,000 dola pou chak timoun ki poko gen kat ane. Kredi sa a rive jiska 500 dola pou timoun ki gen laj pou ale lekòl an 2026.

Men sipò nou pou fanmi k ap grandi yo pa sispann ak soulajman taks la. Mwen pral mande yon lòt 120 milyon dola pou bay dejene ak dine gratis, pou chak elèv nan Eta Nouyòk. Nou pral pèmèt fanmi yo ekonomize jiska 1,600 dola pou chak timoun chak ane pandan n ap asire okenn elèv pa grangou.

Lè ou ajoute tout bagay sa yo — kredi taks pou timoun pou timoun piti ou yo — ranbousman enflasyon fanmi w, dejene ak dine lekòl la, plis rediksyon taks klas mwayèn nan, sa mete prèske 5,000 dola an retou nan pòch anpil fanmi Nouyòk. Se konsa ou fè yon diferans.

Kounye a, mwen vle abòde yon lòt pri ki kraze bidjè fanmi yo: gadri. Li ka depase 21,000 dola pou chak timoun chak ane, souvan lli plis pase pri lojman. Diminye pri a kòmanse ak elaji opsyon gadri pou fanmi yo.

Se poutèt sa m ap pwopoze 110 milyon dola pou konstwi nouvo enstalasyon gadri ak renove sa ki deja egziste yo. Investisman sa yo pou kreye plis kapasite yo dwe fèt kounye a pou fè nou avanse pi pre objektif final nou an: Gadri inivèsèl.

Mwen pa ka tann pou m travay avèk lejislati a, kominote biznis la ak lidè sivik nou yo pou kòmanse poze baz, pou fè sa yon reyalite. Pou fè fas ak ogmantasyon depans yo, Nouyòkè yo bezwen yon lòt fòm soulajman: retire Limit sou Dediksyon Enpo Eta ak Lokal.

Yo te etabli limit sa a dènye fwa Repibliken yo te gouvènè Washington an 2017. Sa ap koute Nouyòkè yo jiska 12 milya dola anplis nan taks pou gouvènman federal la chak ane.

Ansanm, se 72 milya dola yo te retire nan pòch moun yo pandan sis dènye ane yo. Epi malgre yon pwojè lwa bilateral ki te kapab adrese pwoblèm sa a, Repibliken nan Kongrè a ki gen ladan sèt ki soti Nouyòk te refize aji. Yo aktyèlman ap travay kont pwòp elektè pa yo pou yo aksepte yon pwopozisyon adouse olye yon anilasyon total limit la ke Nouyòkè yo pi byen merite.

Kòm Gouvènè, mwen deklare sa a: Anilasyon total oswa pa gen okenn akò. Kite m repete. Anilasyon total oswa pa gen okenn akò.

Koulye a, ann pale sou yon lòt gwo faktè nan kriz abòdabilite nou an: lojman. Pou jenerasyon mwen an, achte yon kay se te yon rèv ki ka reyakize. Jodi a, pou jèn fanmi

ki fèk kòmanse, se tankou yon rèv ki pa reyalizab. Nou bezwen chanje reyalite sa a epi bidjè sa a pran mezi solid pou fè sa.

N ap pran yon angajman Eta 1 milya dola pou rann plan anbisye 'Vil Wi' (City of Yes) Nouyòk la posib. Sa vle di 80,000 nouvo kay pandan 15 pwochen ane yo — kay ki pa t ap egziste san eta a pa fè entèkansyon pou ede. N ap mete tou 100 milyon dola pou kay demaraj yo ak asistans pèman pasyèl pou moun k ap achte kay pou prenye fwa. Epi n ap pran pozisyon kont konpayi ekite prive predatè yo lè nou mete yon poz 75 jou sou kapasite yo pou fè òf sou pwopriyete rezidansyèl yo.

Epi sonje avantaj sa yo mwen te bay ane pase a bay kominote ki te pwomèt pou konstwi plis lojman? Ebyen sanble nou te fè sa ogmante yon ti kras pi plis! N ap kontinye angajman nou anvè Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Communities) ak yon lòt 650 milyon dola nan finansman diskresyonèl. Epi nou pral rezève yon lòt 110 milyon dola pou pwojè enfrastrikti ak depans planifikasyon pou ede yo grandi.

Paske jan mwen te deklare anvan, pri yo pap janm desann si nou pa ogmante rezèv la. Se poutèt sa nou dwe bati, bati, ak bati pi plis toujou. Men, li pa enpòtan kèlkeswa kantite kay nou bati si Nouyòk yo pa santi yo an sekirite kote y ap viv, travay ak vwayaje.

Depi moman mwen te vin Gouvènè a, mwen te fè sekirite piblik vin yon priyorite. Youn nan zòn konsantrasyon prensipal nou yo se metro Vil Nouyòk yo. Nou te deja lanse ekip pwofesyonèl ki antrene pou ede moun ki pyeje ak maladi mantal yo epi nou te deplwaye 1,000 Gad Nasyonal, Eta, Lapolis ak Lapolis MTA pou pwoteje sant transpò piblik nou yo. Kounye a, n ap bay NYPD an plis sipò.

N ap fè patenarya ak Majistra Adams ak NYPD pou mete ofisye nan chak tren lannwit ant 9 p.m. ak 5 a.m. Patwouy sa yo te kòmanse yè swa. N ap enstale tou ekleraj estasyon ki pi klere, baryè platfòm adisyonèl, ak pòtay pri tikè modènize yo. Epi n ap angaje yon lòt 45 milyon dola pou amelyore prezans Gad Nasyonal nan sistèm transpò piblik nou an. Nou pral ranfòse tou lwa nou yo ki antoure angajman envolontè. Metwo nou pa kabap tounnen yon refij anbilan pou sanzabri yo.

Nou dwe gen kapasite pou ede moun ki pa kapab chèche èd pou tèt yo, ke yo refize bay yo èd ak bagay debaz yo, tankou rad, manje, akabri. Sa a gen pou wè ak moutre imanite pou èt imen parèy nou, ki ap soufri ak maladi mantal ki literalman mete lavi yo ak lavi lòt moun an danje.

Anplis de konsantre nou sou Vil Nouyòk, n ap kontinye apwòch nou nan tout eta a pou konbat krim.

Okenn Gouvènè nan istwa Eta Nouyòk pa te investi plis pou elimine flewo krim ak zam nan kominote nou yo. Done yo montre estrateji nou yo ap fonksyone. An 2024, nou te gen pi ba to fiziyad nan tout eta a ki bat rekò ak asasinay andeyò Vil Nouyòk ki nan pi

ba to depi 1965 epi fiziyad desann nan 28 pousan. Men, nou konnen travay nou an pa fini.

Ane sa a, n ap angaje yon rekò 370 milyon dola nan pwogram prevansyon vyolans ak zam ki pwouve ansanm ak 50 milyon dola pou amelyore teknoloji fòs lòd ak 13 milyon dola pou etabli yon nouvo Katye Jeneral Kòmandman Operasyon Espesyal Konjwen ak Analiz sou Krim (Crime Analysis and Joint Special Operations Command Headquarters) kote plis pase 100 ajans lokal, eta ak federal yo pral pataje entelijans ak kowòdone an tan reyèl.

Epi nou pral goumen pou finalman fèmen brèch yo nan lwa dekouvèt nou yo ki retade jijman ak mennen nan ka yo jete pou detay teknik minè yo.

N ap reyafime ke rayisans pa gen plas nan eta nou an ak 35 milyon dola nan sibvansyon pou amelyorasyon sekirite nan sinagòg, moske ak lòt kote ki vilnerab yo.

Epi n ap mete plis twoup eta nan fwontyè Nò a kote nou te wè yon gwo ogmantasyon nan fentanil ak sezi zam. Paske nan sa ki gen pou wè ak pwoteje Nouyòk yo, n ap sèvi ak tout zouti nou genyen yo.

Batay nou pou avni Nouyòk vle di tou trase wout ki mennen nan aksyon klimatik Bidjè ane sa a prevwa 1 milya dola, pi gwo investisman klimatik nou te janm genyen pou akselere tranzisyon enèji pwòp Nouyòk la. Lajan sa yo pral sipòte pwojè enpòtan nan jenerasyon enèji pwòp, kreye travay ki byen peye epi redwi depans enèji pou fanmi Nouyòk yo. Nou dwe prepare pou rankontre defi gouvènman federal la ki retounen nan angajman enèji ewolyèn olaj zòn kot — yon sous enèji kle — nan tranzisyon nou an nan enèji renouvlab yo.

Abòde defi sa yo kounye a pral ede asire yon mond ki pi an sante pou timoun nou yo alavni.

Men, nou pa ka inyore lefèt ke timoun nou yo gen defi deja, jodi a, andedan salklas yo menm. Chif yo rakonte yon istwa grav.

Yon dènye sondaj rechèch Pew te revele ke 72 pousan pwofesè lekòl segondè atravè nasyon an rapòte ke telefòn selilè nan salklas yo se yon gwo distraksyon pou elèv yo. Menm etid sa a te jwenn ke 95 pousan nan lekòl segondè yo gen aksè ak telefòn entelijan epi resevwa yon notifikasyon alamant 250 dola chak jou.

Kòm premye manman Gouvènè Nouyòk, sa yo pa sèlman estatistik pou mwen. Mwen konnen ki jan li difisil pou atire atansyon pitit ou a, lè gen yon ekran k ap flache devan figi yo, ak ki jan li difisil pou edikate k ap anseye aljèb oswa jewografi, pou fè konpetisyon ak dans viral ak algoritm adiktif yo.

Se poutèt sa ane pase a mwen te òganize tablewonn atravè Eta a pou diskite sou enpak telefòn entelijan yo, pa sèlman nan salklas nou yo men sou sante mantal timoun nou yo. Mwen te konsilte paran yo, elèv yo, edikate yo, administratè lekòl yo, lidè lokal

yo ak defansè yo pandan n ap travay pou n elabore yon solisyon pou defi konplike telefòn entelijan yo poze nan lekòl yo.

Akòz konvèsasyon sa yo, m ap anonse jodi a yon pwopozisyon k ap transfòme salklas nou yo: Yon nouvo politik nan tout eta a pou rann salklas yo san distraksyon pou timoun nou yo ka konsantre sou bagay ki enpòtan yo.

Nan kòmansman ane lekòl k ap vini an, chak elèv pral oblije dekonekte aparèy yo pandan lè lekòl yo depi nan kòmansman rive nan fen klas yo. Sa vle di pandan klas, nan dine, nan koulwa yo, timoun nou yo pral finalman libere kont entèripsyon kontinyèl rezo sosyal yo ak tout presyon sante mantal ki vini ansanm ak li.

Lekòl yo pral gen fleksibilite nan fason yo aplike sa a. Distri yo pral deside ki jan yo vle estoke aparèy yo ak ki jan yo pral asire konfòmite yo. Natirèlman, pral gen eksepsyon pou elèv ki bezwen aparèy yo pou rezon medikal pou ede moun ki pa pale angle ak elèv ki gen andikap pou aprann yo.

Eta pral bay sipò finansye pou tranzisyon sa a. Men, chak lekòl dwe etabli yon politik pou ede elèv yo pwospere san telefòn yo. Sa a se jis premye etap la. Nou bezwen ba yo kote ki an sekirite pou jwe epi jis tounen timoun ankò.

Nouvo inisyativ "Dekonekte ak Jwe" (Unplug and Play) nou an pral dirije jèn yo nan aktivite ki an sante ki ankouraje lespri ak kò jèn yo. Nou pral finanse 100 nouvo lakou rekreyasyon epi kreye plis pase 100,000 nouvo aktivite andeyò lekòl la.

Epi n ap bati sou popilarite enkwayab inisyativ NY SWIMS 150 milyon dola ane pase a nan envesti yon lòt 50 milyon dola nan konstriksyon pisin epi bay plizyè dizèn milye jèn Nouyòkè leson natasyon gratis.

Gen kèk lòt eleman enpòtan nan bidjè 2026 la mwen vle diskite ke Direktè Bidjè mwen an Blake Washington pral bay plis detay nan kèk moman.

Premyèman — finansman lekòl yo. N ap kòmanse pwosesis la, n ap pran mezi sible pou modènize Fòmil Èd Fondasyon (Foundation Aid Formula) Eta a ki demode a. N ap ranplase mezi povrete ki gen 20 ane a ak done resansman aktyèl la pou detèmine bezwen elèv yo pi byen. Sa pral asire ke dola Eta a rive jwenn timoun ki pi bezwen l yo. Epi kite m di nou byen klè: Mwen konnen ke nenpòt chanjman difisil.

Epi kit li mache ou pa, sitiyasyon aktyèl la toujou pi fasil.

Se poutèt sa li enpòtan pou konnen vas majorite lekòl yo pral resevwa plis lajan ke yo ta genyen san ti ajisteman sa yo nan fòmil la.

Mwen vle remèsye Bob Megna ak Enstiti Rockefeller paske yo te fè yon revizyon epi bay rekòmandasyon yo.

Koulye a, ann pale sou youn nan pi gwo faktè depans bidjè nou an — Medicaid. Prèske mwaye nan tout Nouyòk yo depann sou asirans sante ki finansé piblikman.

Patisipasyon eta a nan depans Medicaid ane sa a pral plis pase 35 milya dola. Alontèm, nou pral bezwen pran aksyon ansanm ak gouvènman federal la pou jere kwasans sa a ki pa dirab pou kontribiyab Nouyòk yo sou trajèktwa li ye kounye a.

Nou pral pran mezi entelijan pou kontwòle depans yo pandan n ap pwoteje sèvis yo. Nou te jwenn apwobasyon federal pou yon nouvo evalyasyon swen jere ki pral jenere 1.6 milya dola chak ane. Nou ap envesti prèske 1 milya dola nan lopital rezo sekirite nou yo epi kontinye finansé rezo swen sosyal inovan nou yo. N ap kontinye travay pou asire chak Nouyòkè gen aksè ak bon jan kalite swen sante, kèlkeswa kòd postal yo oswa sikonstans yo.

Genyen yon lòt sèvis esansyèl tou ki dwe rete solid — rezo transpò piblik nou an. Sa gen dezan, nou te fè fas ak yon falèz fiskal nan MTA, epi nan travay ak Lejislati a, nou te pran mezi. Nou garanti 400 milyon dola nan efikasite operasyon ak plis pase 1.1 milya dola nan finansman anyèl pou asire transpò piblik rete abòdab, efikas ak fyab.

Kounye a, nou dwe asire MTA gen finansman kapital ki nesèsè pou kenbe sistèm nan fonksyone, epi bay nouvo sèvis ak plis sèvis pasaje yo merite. MTA ap devlope yon plan kapital ajou pou pwopoze m ak lejislati a, epi yon fwa nou resevwa li, n ap detèmine pi bon fason pou finansé li.

Sa a pral rezoud anvan fen sesyon an.

Mwen gen konfyans nou pral delivre yon plan ki fè avanse pwojè enpòtan yo, tankou pwolonje Metwo Second Avenue an, konekte Queens ak Brooklyn ak Interborough Express, nouvo estasyon Metro-North nan Bronx, ak sèvis ki pi rapid nan Hudson Valley.

Odelà transpò piblik la, n ap ranfòse enfrastrikti nou an jeneral. Jis nan ane ki sot pase a, nou te amelyore plis pase 3,100 pon ak amelyore plis pase 3,700 km (2,300 mil) vwa otowout. Epi kounyeya, n ap pwopoze yon milya dola adisyonèl pou Plan Kapital DOT nou an, sa ki mennen total la nan yon 34.1 milya dola istorik. Nou ap avanse pwojè ki pote transfòmasyon atravè eta a, ranplase I-81 nan Syracuse, epi etidye opòtinite ki similè pou Cross Bronx Expressway la.

Isit la nan Albany, n ap ranplase pon ray Livingston Avenue an epi n ap re-imaginer bòdmè a sou I-787.

Epi n ap fè envèstisman ki dire depi lontan avèk pwogram Bouche Twou Nou yo (Pave Our Potholes) ki gen milya dola nou an ak sipò solid pou enfrastrikti lokal yo pou asire chak kominote gen yon fondasyon solid.

Kidonk, — mwen dekri pi gwo priyorite nou yo pou ane k ap vini an. Men, gen plis bagay nan bidjè sa a ki pral fè yon diferans reyèl nan lavi moun.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)